



BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungrikan

Basa boga hubungan nu raket patalina jeung manusa, sabab hirup tumuwuhna basa téh ngan aya dina kahirupan manusa. Manusa hésé hirup lamun euweuh basa, sabab basa mangrupa alat dina pakumbuhan manusa (Sudaryat, 2000, kc. 9). Utamana pikeun komunikasi atawa ngeudalkeun pamaksudan. Basa téh réa jenisna, gumantung dimana panyaturna cicing. Salasahijina, panyatur nu cicing di Jawa Barat nu ngagunakeun basa Sunda dina umumna. Kacatét yén panyatur basa Sunda panglobana kadua sabada basa Jawa. Kalungguhan basa Sunda mangrupa ajén inajén budaya.

Ku sabab basa Sunda mangrupa ajén inajén budaya, ku kituna aya panta-pantana dina ngagunakeun basa Sunda. Dina komunikasi masarakat Sunda, panta-panta nu dimaksud nya éta undak usuk basa Sunda (UUBS) atawa tatakrama basa.

Sudaryat (2007, kc. 294) ngébréhkeun yén undak usuk basa atawa tatakrama basa, mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun téh geus disaluyuan jeung diajénan, jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna, pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Palebah dieu, undak usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi hiji sistem ngagunakeun ragam basa (hormat-teu hormat), anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun.

Dumasar kana hasil observasi, di masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak Buahdua Kabupatén Sumedang, loba nu teu ngagunakeun tatakrama basa dina komunikasi sapopoé, sarta réa nu ngagunakeun basa kasar nalika ngomong, lain teu nyaho kana tatakrama basa, tapi éta tatakrama teu dipaké dina komunikasi sapopoé.

Undak usuk atawa tatakrama basa téh, panta-pantana basa anu sacara umum ragamna aya basa lemes, sedeng, jeung kasar. Ragam basa éta digunakeun pikeun ka saluhureun, sahandapeun, jeung sapantaran nalika nyarita.

Dina masarakat kolonial-féodal di urang baheula, harkat jeung darajat sosial téh ngan bisa méré “nilai tambah” kana martabat manusa, nu geus nyampak dibéda-béda. Tapi di zaman kiwari, nu kasebutna zaman demokrasi Pancasila, aya ogé tatakrama pikeun némbongkeun ayana rasa silih ajénan, dina pergaulan antara sasama manusa. Dina masarakat kiwari gé aya pangbéda saluhureun-sahandapeun, atasan-bawahan, tapi lain kawas tatakrama di zaman Kolonial feodal (Ajip Rosidi dkk., 2007, kc. 9).

Saini K.M. (dina Rosidi, 2007, kc. 9) méré pangalaman sapopoéna, kieu: “*nu nulis (Saini K.M.) ngagunakeun basa lemes, boh dina pilihan kecap boh dina lentong. Ka Tukang nyemprot Hama... kuring ngagunakeun basa lemes tapi lentongna rada cohag, lantaran tukang kebon téh umurna saadieun nu nulis.*” Katangén di dieu sikep Saini K.M. ngeunaan tatakrama pergaulan, nu bisa dibédakeun ti pamendak sepuh-sepuh nu masih kénéh basa lemes mah keur ka juragan, ari basa kasar ah keur ka panyawah.

Panalungtikan skripsi séjén, anu nalungtik ngeunaan perkara tatakrama basa Sunda, diantara: *Korélasii Antara Pangaweruh jeung Kamampuh makéna Undak Usuk Basa Sunda Siswa Kelas X SMA Plus Merdéka Soréang* (Taupik, 2008); *Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda Dina Ngarang Naskah Drama Siswa Kelas 3 SMPN 1 Ibun Majalaya* (Darlina, 2004); jrrd. nu masih aya kénéh patalina jeung tatakrama basa Sunda, bédana dina ieu panalungtikan di lingkungan masarakat, sedengkeun saméméhna di lingkungan sakola, sarta objek nu ditalungtikna ogé béda.

Panalungtikan ngeunaan tatakrama basa Sunda dina komunikasi lisan masarakat kampung Jémo desa Nagrak Buahdua kabupaten Sumedang, tepi ka danget ieu can aya nu nalungtik.

Ku kituna dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan nu di judulan “Tatakrama Basa Sunda dina Komunikasi Lisan Masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak Kecamatan Buahdua Kabupatén Sumedang”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Upama urang medar ngeunaan tatakrama basa Sunda, tangtu loba nu bakal dibahas, diantarana waé ragam hormat atawa lemes keur ka batur-ka sorangan, kasar atawa garihal, sedeng atawa loma, kasar pisan atawa cohag, prinsip kasopanan nu miboga sababaraha maksim, jrrd. Ku kituna sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan di watesanan ngeunaan tatakrama basa dina komunikasi lisan masarakat Kampung Jémo, nu sacara umum unsur nu bakal dianalisisna ngawengku (1) ragam tatakrama basa hormat, lemes, jeung kasar; (2) konteks makéna tatakrama basa; sarta (3) tahapan kecap dina tatakrama basa nu digunakeun.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan maluruh tatakrama basa Sunda nu dipaké di masarakat kampung Jémo desa Nagrak. Aya sababaraha masalah nu kudu dirumuskeun patali jeung ieu panalungtikan, anu diébréhkeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha kaweruh, makéna, jeung fungsi tatakrama basa Sunda masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak?

- 2) Kumaha kontéks situasi makéna tatakrama basa Sunda di masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak?
- 3) Kumaha tahapan kecap dina tatakrama basa Sunda masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Unggal kagiatan tangtu boga tujuan nu geus dipirkeun kalawan asak tinimbangan. Kitu deui, ieu panalungtikan. Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun tatakrama basa Sunda dina komunikasi lisan masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak Kecamatan Buahdua Kabupatén Sumedang.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan, pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun tatakrama basa Sunda dina komunikasi lisan masarakat Kampung Jémo. Ari déskripsina ngawengku:

- 1) Kaueruh, makéna, jeung fungsi tatakrama basa Sunda masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak;
- 2) Kontéks situasi makéna tatakrama basa Sunda di masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak; jeung
- 3) Tahapan kecap dina tatakrama basa Sunda masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan baris dijembarkeun kana dua bagéan, nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Panalungtikan Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda; bisa jadi bahan référénsi pikeun kaperluan-

kaperluan anu aya pakaitna jeung tatakrama basa Sunda; bisa méré pangaweruh kana tatakrama basa Sunda jeung teu ngaleungitkeun ajén inajén undak-usuk basa di zaman demokrasi pancasila kiwari. Sarta bisa méré mangpaat ka masarakat kampung Jémo désa Nagrak, dina ngajembaran pangaweruh, maké, sarta ngalarapkeunna tatakrama basa dina komunikasi sapopoé.

1.4.2 Mangpaat Panalungtikan Praktis

Salian mangpaat di luhur, aya ogé mangpaat praktis tina ieu panalungtikan:

- 1) Panalungtik, pikeun ngukur pangaweruh jeung kamampuh makéna tatakrama basa Sunda; pikeun nambahana pangalaman dina nganalisis tatakrama basa, kumaha cara ngalarkeunna dina kahirupan atawa komunikasi sapopoé.
- 2) Nu maca, pikeun méré informasi sacara tinulis atawa salaku référénsi ngeunaan makéna tatakrama basa Sunda, dina komunikasi sapopoé pikeun nu hayang diajar basa Sunda.
- 3) Masarakat, pikeun nambahana pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda, ngaronjatkeun kamampuh ngeunaan makéna tatakrama basa Sunda hususna di kampung Jémo désa Nagrak.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu skripsi aya lima bab, ngawengku: (1) judul panalungtikan; (2) lembar persetujuan/pengesahan pembimbing; (3) inskripsi; (4) lembar pernyataan; (5) abstrak; (6) pangajap; (7) tawis nuhun; (8) daptar eusi; (9) daptar lampiran; jeung (10) daptar singgetan. Nu saterusna dituluykeun kana nulis bab.

Dina Bab I ngawengku: kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga panulisan skripsi.

Dina Bab II ngawengku: ulikan tiori anu medar prosés komunikasi basa sarta tatakrama basa Sunda, jeung anggapan dasar.

Dina Bab III ngawengku: lokasi jeung sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, ténik ngumpulkeun data jeung analisis data.

Dina Bab IV ngawengku: hasil panalungtikan

Dina Bab V ngawengku kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.